

Tip Règleman: **PIBLIK**

Kategori:

Jesyon Revni

Tit: **Règleman sou Bòdwo ak Koleksyon pou Pasyan (Peye Limenm)**

Règleman #: **1017**

Ranplase #: 5706-0509

Paj: 1 sou 7

Devlope Pa: Jesyon Revni
Orlando Health
Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni

Dat Publikasyon: **1^{me} Oktòb 2016**

Apwouve Pa: Bernadette Spong, Chèf Direksyon
Finansye

Dat Revizyon: 03/2018, 03/2019; 11/2020

I. RÈGLEMAN:

Se règleman Orlando Health ke:

1. Yo reyalize peman sou kont yo yon fason koyeran, kèlkeswa ras, laj, sèks, gwoup etnik, orijin nasyonal, sitwayènte, oryantasyon seksyèl, lang prensipal, relijyon, edikasyon, travay oswa sityasyon elèv, dispozisyon, relasyon, kouvèti asirans, pozisyon sosyal, oswa nenpòt lòt faktè diskriminasyon.
2. Konsèy Administrasyon oswa yon òganis otorize lopital ki gen egzansyon pou taks dwe apwouve règleman sa a.
3. Orlando Health oswa yon Reprezantan Orlando Health p ap itilize okenn aksyon koleksyon ekstrawòdinè (jan li defini nan dokiman sa a) kont yon moun pou jwenn peman pou swen anvan li fè ase efò pou jwenn si moun nan kalifye pou asistans pou swen dapre Règleman Asistans Finansye (RAF) li a.
4. Orlando Health pral mete RAF li a nan OrlandoHealth.com/FinancialHelp pou fè anpil publikasyon pou li.
5. Reprezantan Orlando Health pral ofri yon kopi RAF la ak Rezime nan Langaj Klè a, anvan pasyan an entène, pandan li entène, oswa apre li te entène lopital. Yo pral bay tout Pasyan/Moun ki bay garanti ase tan ak enfòmasyon pou yo konnen ak konprann responsablite finansye yo genyen. Pasyan/Moun ki bay garanti a pral responsab sou plan finansye pou sèvis yo bay yon fason efikas yo epi ki byen anrejistre. Moun ki bay garanti a responsab konprann chak kouvèti asirans pasyan an. Nenpòt responsablite pou peye limenm ki vini apre kouvèti asirans pasyan an defini nan plan benefis ak kouvèti asirans pasyan an.
6. Orlando Health oswa yon Reprezantan Orlando Health baze sou eksplikasyon benefis ak lòt enfòmasyon li pran nan men Pasyan/Moun ki bay Garanti a ak konpayi asirans lan pou kalifikasyon, desizyon reklamasyon an, ak desizyon responsablite finansye.

II. DEFINISYON:

Lè yo itilize yo nan règleman sa a, tèmsa yo gen siyifikasyon sa yo:

- A. Montan ki Jeneralman Faktire (AGB, Amounts Generally Billed): Montan ki jeneralman faktire pou ijans oswa lòt swen nesèsè sou plan medikal ke yo bay moun ki gen asirans.

Tip Règleman:	PIBLIK	Kategori:	Jesyon Revni
Tit:	<i>Règleman sou Bòdwo ak Koleksyon pou Pasyan (Peye Limenm)</i>	Règleman #:	1017
Paj:	2 sou 7	Ranplase #:	5706-0509
Dat Publikasyon:	1^{me} Oktòb 2016	Devlope Pa:	Jesyon Revni Orlando Health Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni
Dat Revizyon:	03/2018, 03/2019; 11/2020	Apwouve Pa:	Bernadette Spong, Chèf Direksyon Finansye

- B. Peryòd Aplikasyon: Peryòd kote Orlando Health dwe aksepte epi travay sou yon aplikasyon pou asistans finansye annakò ak RAF li a ke yon moun soumèt dekwa pou li te fè ase efò pou jwenn si wi ou non moun nan kalifye pou asistans finansye dapre règleman an. Peryòd Aplikasyon an kòmanse nan dat yo bay swen an epi li fini nan sa ki pi lwen an ant 240^{em} jou apre dat yo bay premye bòdwo apre egzeyat la oswa 30 jou omwen apre Orlando Health bay moun nan yon avi alekri ki fikse yon dat limit kote apre dat sa, yo gendwa kòmanse ECA yo.
- C. Aksyon Koleksyon Ekstrawòdinè (ECA, Extraordinary Collection Actions): Aksyon Koleksyon Ekstrawòdinè vle di tout aksyon ki pran kont yon moun anrapò ak efò pou jwenn yon Kont Peman Limenm ki mande yon pwosesis legal oswa jidisyè oswa ki konsène vann Kont Peman Limenm nan ba yon lòt antite oswa rapòte enfòmasyon negatif sou Garan an ba ajans rapò kredi konsomatè oswa biwo kredi yo (Atik 501(r)(6) Kòd IRS).
- D. Règleman Asistans Finansye (RAF): Règleman Asistans Finansye Orlando Health.
- E. Moun ki kalifye pou RAF: Yon moun ki kalifye pou asistans finansye dapre RAF Orlando Health la (san konsidere si wi ou non moun nan te aplike pou asistans nan kad RAF la).
- F. Moun ki bay garanti: Moun k ap resevwa swen an ak/oswa moun ki responsab pou zafè lajan an.
- G. Pasyan/Ajan/Reprezantan Legal: Yon moun, dapre lwa ki aplike nan sitiyasyon sa, ki gen otorite pou aji onon yon moun. Yon reprezantan legal kapab yon ranplasan, mandatè, gadyen pou desizyon, swen sante, oswa paran osinon yon lòt moun k ap aji nan plas yon paran (in loco parentis) pou yon minè ki pa-emansipe, oswa yon egzekitè oubyen administratè byen.
- H. Kont Peye Limenm: Yon kont. Ki enkli yon pati nan kont, ki sou responsabilite Pasyan/Moun ki bay garanti a.

III. **PWOSEDI:**

- A. Yo voye bay Pasyan/Moun ki bay garanti a yon etadkont pou sèvis lopital avèk sik bòdwo pwogresif. Nan ka kote pasyan an pa gen asirans (sa vle di yon pasyan ki peye limenm), yo voye etadkont lan apre yo bay sèvis yo. Nan pifò ka lè pasyan yo gen asirans nan yon konpayi asirans, yo voye etadkont yo apre yo te bay sèvis yo, yo te soumèt reklamasyon an epi konpayi asirans lan te deside sou reklamasyon an. Gen kèk ka kote gen yon arè nan desizyon sou yon reklamasyon akòz pasyan an dwe bay plis enfòmasyon, kote yo pral voye yon etadkont bay Pasyan/Moun ki bay Garanti a anvan tretman reklamasyon an.
- B. Orlando Health oswa yon Reprezantan Orlando Health ka eseye kontakte Pasyan/Moun ki bay Garanti a (nan telefòn, pa lapòs, pa mesaj tèks oswa pa imel) pandan sik bòdwo a pou fè koleksyon. Yo anrejistre efò koleksyon yo nan kont pasyan an nan sistèm anrejistreman/bòdwo.
- C. Sik Etadkont Pasyan:

Tip Règleman: **PIBLIK**

Kategori:

Jesyon Revni

Tit: ***Règleman sou Bòdwo ak Koleksyon pou Pasyan (Peye Limenm)***

Règleman #: **1017**

Ranplase #: 5706-0509

Paj: 3 sou 7

Devlope Pa: Jesyon Revni
Orlando Health
Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni

Dat Publikasyon: **1^{me} Oktòb 2016**

Apwouve Pa: Bernadette Spong, Chèf Direksyon
Finansye

Dat Revizyon: 03/2018, 03/2019; 11/2020

1. Yo pral mezire sik etadkont lan apati premye etadkont yo voye bay Pasyan/Moun ki bay Garanti a.
2. Yo pral voye lòt etadkont yo apres a bay Pasyan/Moun ki bay Garanti nan anviwon chak 30 jou. Si peman yo pa fèt, e yo pa resevwa okenn aplikasyon pou RAF, yo ka voye kont lan pou koleksyon. Nan k asa yo, Pasyan/Moun ki bay Garanti a pral resevwa kat (4) etadkont. Yo pral voye katriyèm e dènye etadkont lan nan anviwon 91 jou. Yo pral voye ba Pasyan/Moun ki bay Garanti an yon nòt k ap di l yo soumèt dosye l ba Ajans Koleksyon si li pa peye montan yo oswa si yo pa resevwa aplikasyon RAF.

D. Sik Koleksyon Pasyan:

1. De nivo ajans koleksyon pral gen posiblite okipe de reklamasyon sa a.
 - a. Nivo en, 120 jou omwen.
 - b. Nivo de, 180 jou omwen.

E. Aksyon Koleksyon Ekstrawòdinè (ECA, Extraordinary Collection Actions):

1. Se règleman nan Orlando Health pou pa sèvi avèk ECA kont yon moun pou jwenn peman pou swen anvan li fè ase efò pou jwenn si moun nan kalifye pou asistans pou swen dapre Règleman RAF li a.
2. ECA yo gen ladan:
 - a. Vann dèt yon pasyan ba yon lòt antite;
 - b. Rapòte enfòmasyon negatif sou moun nan ba ajans rapò kredi konsomatè oswa biwo kredi yo;
 - c. Retade oswa refize, osinon egzije peman anvan pou bay swen nesesè sou plan medikal paske yon moun pa peye youn oswa plizyè bòdwo pou swen yo te bay anvansa, ki kouvri dapre RAF Orlando Health la
 - d. Orlando Health ka chèche tout mwayen ki disponib nan koleksyon kont ki pa peye ankontan aksyon ki mande yon pwosesis legal oswa jidisyè. Men, aksyon legal PA pral enkli gani labank, repran byen ak sezi pwopriyete.
 - e. Nenpòt founisè k ap travay onon Orlando Health dwe fè Orlando Health konnen nenpòt aksyon legal y ap pran pou koleksyon kont ki pa peye epi yo dwe gen akò Orlando Health.

F. Efò pou Detèmine Kalifikasyon pou RAF:

1. Orlando Health pral pèmèt Pasyan/Moun ki bay garanti a soumèt aplikasyon RAF konplè pandan yon Peryòd Aplikasyon 240-jou (jan sa dekri dokiman sa a).

Tip Règleman: **PIBLIK**

Kategori:

Jesyon Revni

Tit: **Règleman sou Bòdwo ak Koleksyon pou Pasyan (Peye Limenm)**

Règleman #: **1017**

Paj: 4 sou 7

Ranplase #: 5706-0509

Devlope Pa: Jesyon Revni
Orlando Health
Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni

Dat Publikasyon: **1^{me} Oktòb 2016**

Apwouve Pa: Bernadette Spong, Chèf Direksyon
Finansye

Dat Revizyon: 03/2018, 03/2019; 11/2020

2. Orlando Health pa pral sèvi ak ECA kont Pasyan/Moun ki bay garanti a san li pa fè ase efò pou jwenn si pasyan an kalifye nan RAF a. Nan fason ki pi presi:
 - a. Orlando Health ap enfòme moun yo sou RAF a jan sa dekri dokiman sa a anvan li kòmanse nenpòt ECA pou jwenn peman pou swen epi l ap evite tanmen ECA yo pandan omwen 120 soti nan premye bòdwo apre egzeyat yo voye pou swen an.
 - b. Si Orlando Health gen entansyon fè ECA, sa ki annapre la a ap fèt 30 jou omwen anvan yo kòmanse yonn oswa plizyè ECA.
 - c. Orlando Health ap enfòme pasyan an alekri ke asistans finansye disponib pou moun ki kalifye, l ap di ki ECA ke etablisman an (oswa lòt antite otorize) gen entansyon kòmanse pou jwenn peman pou swen an, epi l ap fikse yon dat limit, kote apre dat limit la yo ka kòmanse ECA ki pa pi bonè pase 30 jou apre dat yo te bay avi alekri a.
 3. Avi ki anwo a ap genyen Rezime RAF la nan Langaj Klè ladan.
 4. Orlando Health pral fè ase efò pou enfòme pasyan an nan bouch sou RAF la ak ki fason moun nan kapab jwenn èd pou fè pwosesis aplikasyon an.
 5. Si Orlando Health mete ansanm tout bòdwo yon moun pa peye pou plizyè epizòd swen anvan li kòmanse youn oswa plizyè ECA pou jwenn peman pou bòdwo sa yo, li pral evite kòmanse ECA yo jouk rive 120 jou apre li te bay premye bòdwo apre-egzeyat pou epizòd ki pi resan an ki fè pati total la.
- G. Orlando Health pral trete aplikasyon RAF yo jan li endike nan Règleman Asistans Finansye a.
1. Si yon moun soumèt yon aplikasyon pou RAF ki konplè pandan peryòd aplikasyon an, Orlando Health pral:
 - a. Sispann nenpòt ECA pou jwenn peman pou swen an;
 - b. Pran yon desizyon sou kalifikasyon konsènan si wi ou non moun nan kalifye pou RAF pou swen an epi enfòme moun nan alekri sou desizyon kalifikasyon an (ankontan, si sa aplikab, asistans moun nan kalifye pou li jwenn) ak sou ki baz yo te pran desizyon.
 2. Si yo jwenn moun nan pa kalifye pou RAF pou swen an, Orlando Health pral kontinye nan fason sa:
 - a. Y ap bay yon etadkont bòdwo ki endike montan moun nan dwe pou swen an.
 - b. Kont lan pral reprann sik sikilasyon koleksyon an, jan li endike anwo a, paske Orlando Health pral kontinye chache peman pou balans ki pa peye a.
- H. Si yo jwenn moun nan kalifye pou lòt asistans apade swen gratis, pasyan an/garan an kapab mande pousantaj rabè reyèl ki aplike a; pou fè sa, l ap kontakte ekip Asistans Finansye Orlando Health la nan 321.843.8955. Y ap kalkile responsablite pasyan pa mwayen AGB a jan sa endike nan RAF Orlando Health la.

Tip Règleman: **PIBLIK**

Kategori:

Jesyon Revni

Tit: ***Règleman sou Bòdwo ak Koleksyon pou Pasyan (Peye Limenm)***

Règleman #: **1017**

Ranplase #: 5706-0509

Paj: 5 sou 7

Devlope Pa: Jesyon Revni
Orlando Health
Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni

Dat Publikasyon: **1^{me} Oktòb 2016**

Apwouve Pa: Bernadette Spong, Chèf Direksyon
Finansye

Dat Revizyon: 03/2018, 03/2019; 11/2020

1. Orlando Health ap ranbouse pasyan an/ajan an nenpòt montan li te peye pou swen an ki depase montan yo jwenn li responsab peye pèsònèlman kòm yon moun ki kalifye pou RAF, sof si montan ki depase a mwens pase \$5 (oswa yon lòt montan ki pibliye nan Bilten Revni Entèn).
2. Pran mezi ki rezonab pou defèt nenpòt ECA yo pran sou pasyan an.

I. Divès kalite Dispozisyon:

1. Règleman Kont-Abi- Orlando Health pa pral baze desizyon li pran ki di yon moun pa kalifye pou RAF sou enfòmasyon ke Orlando Health gen rezon pou kwè ki pa fyab oswa ki pa kòrèk, ni sou enfòmasyon li jwenn nan men moun nan sou presyon oswa nan sèvi ak lafòs.
2. Jwenn si gen kalifikasyon pou Medicaid- Li pa vle di Orlando Health pa te fè ase efò pou jwenn si yon moun kalifye pou RAF pou swen si, lè li resevwa yon aplikasyon konplè pou RAF nan men yon moun ke Orlando Health kwè ki ka kalifye pou Medicaid, Orlando Health ranvwaye demach pou jwenn si moun nan kalifye pou RAF pou swen an jouk apre aplikasyon moun nan pou Medicaid fin ranpli e soumèt epi yo fin pran yon desizyon konsènan kalifikasyon moun nan pou Medicaid.
3. Pa gen Renonsyasyon pou Aplikasyon pou RAF- Jwenn yon renonsyasyon siyen nan men yon moun, pa egzanp yon deklarasyon ki siyen ki di moun nan pa vle aplike pou asistans nan RAF oswa li pa vle resevwa enfòmasyon ki dekri nan dokiman sa a, sa pa pral reprezante an limenm yon desizyon ke moun nan pa kalifye pou RAF.
4. Otorite Final pou Desizyon Kalifikasyon pou RAF- Otorite final pou jwenn ke Orlando Health te fè ase efò pou jwenn si yon moun kalifye pou RAF epi pakonsekan kapab sèvi ak ECA kont moun nan chita nan men Depatman Jesyon Revni Orlando Health.
5. Akò ak Lòt Antite- Si Orlando Health vann oswa refere ba yon lòt antite yon dèt yon moun gen anrapò ak swen, Orlando Health pral antann ak antite sa a sou yon akò alekri ki fèt pou respekte legalman, ke yo pran lojikman pou asire pa gen ECA y ap pran pou jwenn peman pou swen jouk yo fin fè ase efò pou jwenn si moun nan kalifye pou RAF pou swen an.
6. Founi Dokiman ak Mwayen Elektwonik- Orlando Health ka sèvi ak mwayen elektwonik pou bay kenpòt avètisman oswa kominikasyon alekri ki dekri nan règleman sa a (pa egzanp, pa imèl) ba nenpòt moun ki di li prefere resevwa avi oswa kominikasyon alekri pa mwayen elektwonik.

Tip Règleman: PIBLIK		Kategori:	Jesyon Revni
Tit:	<i>Règleman sou Bòdwo ak Koleksyon pou Pasyan (Peye Limenm)</i>	Règleman #:	1017
		Ranplase #:	5706-0509
Paj:	6 sou 7	Devlope Pa:	Jesyon Revni Orlando Health Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni
Dat Publikasyon:	1^{me} Oktòb 2016	Apwouve Pa:	Bernadette Spong, Chèf Direksyon Finansye
Dat Revizyon:	03/2018, 03/2019; 11/2020		

IV. DOKIMAN:

Okenn

V. REFERANS:

- A. Règleman sou Asistans Finansye Orlando Health, 1001: OrlandoHealth.com/FinancialHelp
- B. Lis Founisè swen Orlando Health: OrlandoHealth.com/FinancialHelp
- C. Gid Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ozetazini pou Nivo Povrete: [Poverty Guidelines | ASPE](#)
- D. Aplikasyon pou Asistans Finansye Orlando Health: OrlandoHealth.com/FinancialHelp
- E. Règleman Asistans Finansye Orlando Health Rezime nan Langaj Klè: OrlandoHealth.com/FinancialHelp
- F. Tradiksyon Dokiman FAP Orlando Health Lang etranje: OrlandoHealth.com/FinancialHelp
- G. Rejis Federal Vol. 79 No. 250: <https://www.gpo.gov/fdsys/pkg/FR-2014-12-31/pdf/2014-30525.pdf>
- H. Sèvis Revni Entèn Ozetazini (2019), “Egzijans pou 501(c)(3) Lopital Selon Lwa sou Swen ki Abòdab yo – Atik 501(r)” <https://www.irs.gov/charities-non-profits/charitable-organizations/requirements-for-501c3-hospitals-under-the-affordable-care-act-section-501r>

VI. ATACHMAN:

Okenn